

SS.7.C.3.12

Analize sinifikasyon ak rezilta evenman Lakou Siprèm lan Ka yo ki gen ladann, men ki pa limite ak, *Marbury v. Madison*, *Plessy v. Ferguson*, *Brown v. Responsab Edikasyon yo*, *Gideon v. Wainwright*, *Miranda v. Arizona*, nan re *Gault*, *Tinker v. Des Moines*, *Hazelwood v. Kuhlmeier*, *United v. Nixon*, *Bush v. Gore*

SS.7.C.3.12 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo pral evalye kòman ka Lakou Siprèm sa yo te gen gwo enpak sou sosyete a.

Evenman Ka Lakou Siprèm yo (ki te konekte ak libète sivil yo)	
Case	Enpak sou Sosyete
<i>Gideon v. Wainwright</i> (1963)	Opinyon jidisyè sou ka sa a ranfòse tout dwa yo akize yo ke 4yèm, 5yèm, ak 6zyèm Amandman an te pwoteje. Ka Gideon an konsantre sou 6zyèm Amandman an dwa pou gen yon konseye (yon avoka) eta nan ka kriminel yo.
<i>Miranda v. Arizona</i> (1966)	Opinyon jidisyè sou ka sa a ranfòse tout dwa akize a. Ka sa a konsantre sou dwa yo nan 5yèm Amannman an ki se jistis ekitab ak pwoteksyon kont akizasyon sou pwòp tèt yo . Se poutèt desizyon sa a, ofisye lapolis yo kounye a oblije li pou moun yo "Dwa Miranda" a lè yap fè yon arestasyon pou yon krim. "Dwa Miranda" a fè sispèk yo konnen ke yo gen dwa pou yo rete an silans epi yo gen dwa pou yo genyen yon avoka.
<i>Tinker v. Des Moines</i> (1968)	Opinyon jidisyè nan ka sa a konsantre sou premye Amandman an ki se dwa elèv yo. Avan ka sa a, yo te trete elèv yo tankou yo te pèdi tout dwa konstitisyonèl yo lè yo te antre nan "pòtay lekòl la". Ka sa a te di ke elèv yo gen kèk dwa konstitisyonèl pou libète ekspresyon nan lekòl la, ki gen ladann diskou senbolik , byen lontan, depi ke li pa lakòz pwoblèm nan anviwònman aprantisaj nan lekòl la.
<i>United States v. Nixon</i> (1974)	Opinyon jidisyè a nan ka sa a diskite lide egalite legal, ki vle di ke tout moun egal nan je lwa. Menm si ka sa a enplike yon Prezidan Ameriken, Lakou Siprèm nan te di ke li te kapab gen pou pran responsabilite li pou refize swiv lalwa jis menm jan ak nenpòt ki lòt sitwayen.
<i>Hazelwood School District v. Kuhlmeier</i> (1987)	Opinyon jidisyè a nan ka sa a konsantre sou premye Amandman an ki se dwa elèv yo, espesyalman libète laprès la. Lakou Siprèm nan decide ke yon lekòl te kapab anpeche piblikasyon yon atik nan jounal lekòl la oswa limite diskou elèv yo si li deranje anviwònman aprantisaj la nan lekòl la.
<i>Bush v. Gore</i> (2000)	Opinyon jidisyè a sou ka sa a mete yon presedan pou opinyon Lakou Siprèm Etazini an sou eleksyon eta yo. Chak eta yo fè règ eleksyon pa yo, epi eta yo gen plizyè fason diferan yo konte vote yo. Men, nan ka sa a, Lakou Siprèm nan te di ke Lakou Siprèm Florid la te aji yon fason ki pa konstitisyonèl lè li te decide ke gen sèlman kèk vòt ki ta dwe rekonte.
<i>Distri Columbia (DC) v. Heller</i> (2007)	Opinyon jidisyè a sou ka sa a konsantre sou sinifikasyon dezyèm Amandman an ki se dwa pou pote zam. Entèpretasyon Lakou Siprèm lan nan Dezyèm Amandman an sè ke moun, men pa sèlman militè yo, ki gen dwa pou posede oswa pote yon zam.

akizasyon kont pwòp tèt ou - dwa nan Senkyèm Amandman an ki pwoteje yon moun pou lapolis pa fòse yo pale, pwosekitè a, jij la, oswa jiri sou nenpòt enfòmasyon ki ta ka rezon ki fè yo pwosekite yon moun kòm kriminel

Bush v. Gore - Lakou Siprèm Etazini an nan ka sa a detèmine ke eta a pa ka vyole estipilasyon Pwoteksyon Egal la anba Katòzyèm Amandman an lè yap fè rekonte eleksyon

diskou senbolik - yon aksyon ki eksprime yon lide

Distri Columbia v. Heller - Lakou Siprèm Etazini an nan ka sa a konfime ke dezyèm Amandman an pwoteje dwa yon moun pou posede pwòp yon zam li

dwa akize a - dwa ke yo te mete nan Katyèmman, Senkyèm ak Sizyèm Amandman yo: pwoteksyon kont fouy san rezon ak sezi zafè moun, pou pa arete yon moun de fwa pou menm krim nan, ak akize pwòp tèt li, dwa a yon pwosedi jis, dwa a yon jijman rapid epi piblik, jijman ki fèt ak jiri, dwa pou ke yo dwe enfòmè yo sou akizasyon kriminel yo, dwa pou fè fas avèk temwen nan tribinal la, dwa a yon avoka, pwoteksyon kont akizasyon sou pwòp tèt li

Etazini v. Nixon – Ka Lakou Siprèm Etazini nan ki limite privilèj egzekitif

Estipilasyon Pwoteksyon Egal - seksyon nan Katòzyèm Amandman an ki di ke eta a dwe aplike lalwa egalman epi yo pa ka fè diskriminasyon kont sitwayen oswa gwoup sitwayen yo

Gideon v. Wainwright – Ka Lakou Siprèm Etazini an ki kenbe Sizyèm Amandman an ki se dwa ki fè yo dwe bay tout defandan yo yon avoka si yo pa kapab peye pwòp avoka yo

Hazelwood v. Kuhlmeier - Lakou Siprèm Etazini an nan ka sa a detèmine ke Premye Amandman an pa pwoteje diskou tout kalite elèv nan lekòl la

Libète ekspresyon - dwa ki enkli nan Premye Amandman an: libète lapawòl, libète laprès, libète pou rasanbleman nan lapè, epi ak libète pou gen pwòp kwayans relijye ou

Libète sivil yo -dwa yon peyi ke lalwa garanti (tankou, Deklarasyon Dwa yo)

Miranda v. Arizona – Ka Lakou Siprèm Etazini yo kenbe Senkyèm Amandman an ki se pwoteksyon kont akizasyon kont pwòp tèt ou

Opinion jidisyè - jijman ki fèt nan yon tribinal

presedan - yon desizyon tribinal la nan yon ka pi bonè ak reyalyte epi pwoblèm legal ki sanble ak ka sa yo devan tribinal la kounye a

Privilèj ekzekitif - kwayans ki di ke konvèsasyon ant prezidan an ak èd li yo konfidansyèl

Tinker v. Des Moines - Lakou Siprèm Etazini an nan ka sa a konfime Premye Amandman ki se dwa elèv pou angaje yo nan diskou senbolik nan lekòl la